


## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh ngajéntrékeun desain panalungtikan, dijéntrékeun heula pamarekan jeung métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode korélasional. Métode korélasional digunakeun pikeun néangan korélasi antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa. Éta hal luyu jeung pamanggih Arikunto (2013, kc. 4) anu nétélakeun yén métode korélasional nyaéta métode panalungtikan anu miboga tujuan pikeun mikanyaho tingkat hubungan antara dua *variabel* atawa leuwih, tanpa ngalakukeun parobahan, tambahan atawa manipulasi kana data anu geus aya. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan baris digambarkeun di handap.



(Sugiyono, 2007, kc. 156)

Keterangan:

$X_1$  = Minat diajar basa Sunda siswa

$X_2$  = Sikep diajar basa Sunda Siswa

$Y$  = Diajar basa Sunda Siswa

$r_{x1x2}$  = Korélasi minat jeung sikep siswa

$R_{yx1x2}$  = Korélasi minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa

### 3.2 Populasi

Populasi nyaéta sakabéh subjék dina panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 173). Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nyaéta siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 anu jumlahna 1.057 urang anu kabagi jadi 27 kelas. Dumasar kana éta populasi, karakteristik siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 bisa katitén dina tabél 3.1.

Pungky Dewantari, 2018

KORÉLASI ANTARA MINAT JEUNG SIKEP KANA DIAJAR BASA SUNDA SISWA SMA NEGERI 1 CILEUNGI TAUN AJARAN 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.1  
Jumlah Siswa SMA Negeri 1 Cileungsi Taun Ajaran 2017/2018

Kelas	Jumlah Siswa		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
X IPA 1	18	20	38
X IPA 2	17	21	38
X IPA 3	17	22	39
X IPA 4	17	22	39
X IPA 5	16	22	38
X IPS 1	18	20	38
X IPS 2	17	18	35
X IPS 3	18	19	37
X IPS 4	19	18	37
X IPS 5	18	18	36
XI IPA 1	18	24	42
XI IPA 2	18	24	42
XI IPA 3	15	26	41
XI IPA 4	14	27	41
XI IPA 5	16	24	40
XI IPS 1	14	26	40
XI IPS 2	14	25	39
XI IPS 3	13	26	39
XI IPS 4	14	25	39
XII IPA 1	15	27	42
XII IPA 2	15	27	42
XII IPA 3	14	28	42
XII IPA 4	11	31	42
XII IPS 1	17	21	38
XII IPS 2	13	25	38
XII IPS 3	12	26	38
XII IPS 4	14	23	37
Jumlah	422	635	1.057

### 3.3 Sampel

Sampel nyaéta sabagian atawa wakil tina populasi (Arikunto, 2013, kc. 174). Téhnik sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sampel *random* atawa sampel acak. Ieu téhnik digunakeun kusabab ayana katerbatasan waktu jeung tanaga. Ieu téhnik dilakukeun ku cara diundi. Jadi, saméméhna disiapkeun

kertas anu geus disoékeun, éta kertas ditulisan ti mimiti kelas X, kelas XI, jeung kelas XII, tuluy éta kertas digulung diasupkeun kana paranti ngundina. Sanggeus éta, kertas diundi nepi dua kertas kaluar. Kertas anu kaluar nyaéta kelas X IPA 5 jeung XI IPA 4. Jadi, sampel dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X IPA 5 jeung kelas XI IPA 4 SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 anu jumlahna 79 urang, ngawengku 30 urang lalaki jeung 49 urang awéwé. Sampelna digambarkeun dina tabél 3.2 di handap.

Tabél 3.2  
Data Siswa Kelas X IPA 5 jeung XI IPA 4 SMA Negeri 1 Cileungsi  
Taun Ajaran 2017/2018

Kelas	Jumlah Siswa		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
X IPA 5	16	22	38
XI IPA 4	14	27	41
Jumlah	30	49	79

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku alus atawa henteuna instrumén anu digunakeun ku panalungtik. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén angkét atawa kuésioner jeung dokuméntasi. Angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data minat, sikep, jeung prosés diajar basa Sunda siswa. Sedengkeun dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data hasil diajar basa Sunda siswa.

#### 1) Angkét atawa Kuésionér

Kuésionér nyaéta sababaraha pananya dina wangun tinulis anu miboga tujuan pikeun meunangkeun informasi. Éta hal luyu jeung pamanggih Arikunto (2013, kc. 194), anu nétélakeun yén kuésionér nyaéta sajumlah pananya dina wangun tinulis anu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti réspodén nu hartina laporan ngeunaan pribadina atawa hal-hal nu dipikanyaho ku réspodén. Angkét atawa kuésionér anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta angkét *tertutup*, anu hartina pilihan jawaban dina unggal pertélaan geus disadiakeun, jadi

réspondén tinggal milih jawaban anu luyu jeung pamadeganana. Dina ieu panalungtikan, angkét atawa kuésionér dijieun sangkan meunangkeun data atawa informasi ngeunaan minat diajar, sikep diajar, jeung prosés diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018. Modél skala minat, sikep, jeung prosés diajar anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta modél skala Likert, anu hartina unggal pertélaan aya nu miboga sifat positif aya ogé nu négatif. Sistem méré nilai atawa penskoran pikeun pertélaan positif nyaéta: Satuju Pisan (SP) = 5; Satuju (S) = 4; Biasa-biasa (B) = 3; Teu Satuju (TS) = 2; jeung Teu Satuju Pisan (TSP) = 1. Sedengkeun pikeun pertélaan négatif nyaéta: Satuju Pisan (SP) = 1; Satuju (S) = 2; Biasa-biasa (B) = 3; Teu Satuju (TS) = 4; jeung Teu Satuju Pisan (TSP) = 5. Anapon kisi-kisi angkét minat diajar, sikep diajar, jeung prosés diajar basa Sunda siswa bisa ditilik dina lampiran.

## 2) Dokuméntasi

Dokuméntasi téh informasi atawa data anu dimeunangkeun dina wangun tinulis. Éta hal luyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 201) anu nétélakeun yén dokuméntasi atawa dokumén nyaéta data anu sumberna tina barang-barang tinulis, saperti buku-buku, majalah, dokumén, jsb. Dina ieu panalungtikan, dokuméntasi anu dimaksud nyaéta data peunteun rapot hasil diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 salila saseméster.

### 3.4.1 Nguji Validasi Instrumén Panalungtikan

Validasi instrumén mangrupa prosés kagiatan pikeun ngajén layak atawa henteuna stratégi nu geus dijieun. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 211), validitas nyaéta hiji ukuran nu nunjukkeun tingkat kasahihan hiji instrumén. Nguji validasi dilakukeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan layak atawa henteuna instrumén. Validasi instrumén téh dibagi dua, nyaéta validasi internal jeung validasi éksternal. Validasi internal ditilik tina konstruk (*construck validity*) jeung eusi (*content validity*). Uji validasina dilakukeun ku cara konsultasi ka para ahli (*expert judgement*). Sedengkeun uji validitas éksternal dilakukeun ku cara néangan daya *pembeda* skor unggal item nu méré jawaban luhur jeung jawaban handap (Sugiyono, 2007, kc. 179).

Dina ieu panalungtikan nguji validasina ngagunakeun validasi internal anu dilakukeun ku cara konsultasi ka para ahli (*expert judgement*) anu geus miboga pangalaman. Ahli nu dilibatkeun dina tés validasi ieu ngawengku dua kelompok ahli, nyaéta: 1) dosén/guru bahasa Sunda; 2) ahli anu kungsi miboga pangalaman nalungtik dina widang minat, sikep, jeung pangajaran basa Sunda. Prosés validasi ahli atawa pakar ngagunakeun kagiatan diskusi. Dipilihna kagiatan diskusi didadasar tina pamarékan Wiktin (dina Kuswari, 2013, kc. 86) anu nétélakeun yén *pemecahan* masalah ku cara diskusi kelompok bisa digunakeun salaku hiji tahap tina *need assessment*, jadi tingkatan diskusi nu dilaksanakeun kalayan hadé bisa dijadikeun pedoman pikeun *need assessment*, seléksi kagiatan, jeung évaluasi. Ieu téhnik dipiharep bisa meunangkeun instrumén nu *valid* jeung *reliabel* ku cara ngalibatkeun pakar dina widang pendidikan basa Sunda, praktisi atawa akademisi (Suhuri dina Kuswari, 2013, kc. 86). Aspék anu dinilai tina ieu instrumén panalungtikan ngawengku basa, kekecapan, tata tulis, jsb.

### **3.5 Prosedur Panalungtikan**

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, sabab dina prosedur panalungtikan téh nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode korélasional. Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan baris ditétélakeun di handap.

#### **1) Tatahar**

Saacan ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik niténan pasualan anu karandapan di SMA Negeri 1 Cileungsi nalika pangajaran basa Sunda. Satuluyna panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan éta pasualan.

#### **2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data**

Sanggeus kapanggih masalah anu karandapan di SMA Negeri 1 Cileungsi, panalungtik langsung ngalaksanakeun panalungtikan ka SMA Negeri 1 Cileungsi, anu miboga tujuan pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu digunakeun pikeun

ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik angkéat atawa kuésionér jeung téhnik dokuméntasi. Téhnik angkéat dilakukeun sangkan mikanyaho minat, sikep, jeung prosés diajar basa Sunda siswa, sedengkeun téhnik dokuméntasi dilakukeun pikeun meunangkeun data nilai hasil diajar siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahapan.

- a. Nerangkeun maksud jeung tujuan anu jelas ka réspodén.
- b. Ngabagikeun angkéat ka siswa, sarta ngajelaskeun cara-cara ngeusina.
- c. Ngaaprésiasi réspodén ogé méré tawis nuhun.
- d. Ngadokuméntasikeun data nilai hasil diajar siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018.

### 3) **Nganalisis Data**

Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik. Data anu dianalisisna nyaéta hasil angkéat anu geus dieusian ku siswa.

### 4) **Kacindekan**

Sanggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

### 3.6 **Analisis Data**

Data hasil tina panalungtikan anu geus kakumpulkeun tuluy dianalisis. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data panalungtikan di antarana ieu di handap.

- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar kana bagian per bagian tina pedoman angkéat ngeunaan minat diajar basa Sunda siswa, sikep diajar basa Sunda siswa, prosés diajar basa Sunda siswa, jeung hasil diajar basa Sunda siswa kana tabél 3.3, 3.4, 3.5, jeung 3.6.

Tabél 3.3  
Format Data Minat Diajar Basa Sunda Siswa SMA Negeri 1 Cileungsi  
Taun Ajaran 2017/2018

No. Réspondén	Pertélaan															$\Sigma$
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	
$\Sigma$																
$\bar{x}$																

Tabél 3.4  
Format Data Sikep Diajar Basa Sunda Siswa SMA Negeri 1 Cileungsi  
Taun Ajaran 2017/2018

No. Réspondén	Pertélaan															$\Sigma$
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	
$\Sigma$																
$\bar{x}$																

Tabél 3.5  
Format Data Prosés Diajar Basa Sunda Siswa SMA Negeri 1 Cileungsi  
Taun Ajaran 2017/2018

No. Réspondén	Pertélaan										$\Sigma$
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	
$\Sigma$											
$\bar{x}$											

Tabél 3.6  
Format Data Hasil Diajar Basa Sunda Siswa  
SMA Negeri 1 Cileungsi Taun Ajaran 2017/2018

No. Réspondén	Peunteun		$\Sigma$	Katégori
	Kognitif	Psikomotor		
$\Sigma$				
$\bar{x}$				

3) Nguji sipat data dina ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha tahapan, diantarana: (1) uji normalitas; (2) uji linieritas; (3) uji hipotésis anu ngawengku analisis régrési, uji koéfisién déterminasi, sarta uji koéfisién jeung signifikansi korélasi. Nguji sipat data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun *SPSS 20 for windows*, léngkah-léngkahna dipedar di handap.

a. Uji Normalitas

Uji normalitas data dilakukeun pikeun mikanyaho jeung nangtukeun naha ngolah datana ngagunakeun analisis data paramétrik atawa non-paramétrik. Pikeun mikanyaho téhnik anu digunakeun dina ngolah data, perlu diayakeun uji normalitas ngagunakeun *SPSS 20 for windows*. Léngkah-léngkahna nyaéta:

- (1) buka program *SPSS*;
- (2) asupkeun data variabel dina tampilan *Data View*, contona data minat diajar;
- (3) klik *Variabel View*. Dina *Variabel View* kolom *name* eusian ngaran variabel nu jadi data. Contona: minat\_diajar;
- (4) klik *Data View*, klik *Analyze*, klik *Nonparametric Tests*, klik *Legacy Dialogs*, klik *1-Sample K-S*;
- (5) pindahkeun data varibel ka kotak *Test Variable List* ku cara klik tanda panah;
- (6) klik *Options*, céntang *Descriptive*, klik *Continue*;
- (7) dina *Test Distribution* klik *Normal*; tuluy
- (8) klik *Ok*.

Dina uji normalitas, aya kritéria husus pikeun nangtukeun yén data anu diuji kaasup katégori normal atawa henteu. Kritérianana ieu di handap.

- (1) Lamun nilai sig > 0,05, hartina data distribusina normal.
- (2) Lamun nilai sig < 0,05, hartina data distribusina teu normal.

b. Uji Liniéritas

Uji liniéaritas data dilakukeun pikeun mikanyaho yén data anu diuji liniér atawa henteu. Uji liniéritas dina ieu panalungtikan ngagunakeun *SPSS 20 for windows*. Léngkah-léngkahna nyaéta:



- (1) buka program *SPSS*;
- (2) asupkeun data variabel dina tampilan *Data View*, contona data variabel minat diajar ( $X$ ) jeung data variabel prosés diajar ( $Y$ );
- (3) klik *Variabel View*. Dina *Variabel View* kolom *name* eusian ngaran variabel nu jadi data. Contona: minat\_diajar, diajar\_BS;
- (4) klik *Data View*. Klik *Analyze*, klik *Compare Means*, klik *Means*;
- (5) pindahkeun data variabel minat diajar ( $X_1$ ) ka kotak *Independent List* sarta pindahkeun data variabel diajar basa Sunda ( $Y$ ) ka kotak *Dependent List* ku cara klik tanda panah;
- (6) klik *Options*;
- (7) dina *Statistics For First Layer* klik *Test For Linearity*;
- (8) klik *Continue*; tuluy
- (9) klik *Ok*.

Dina uji linieritas, aya kritéria husus pikeun nangtukeun yén data anu diuji kaasup linier atawa henteu. Kritérianana ieu di handap.

- (1) Lamun nilai  $\text{sig} > 0,05$ , hartina datana linier.
- (2) Lamun nilai  $\text{sig} < 0,05$ , hartina datana teu linier.

### c. Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun mikanyaho aya atawa henteu pangaruh jeung hubungan antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda ( $Y$ ). Tahapan nu dilakukeun dina uji hipotésis nyaéta ieu di handap.

#### (1) Analisis Régrési

Analisis régrési digunakeun pikeun mikanyaho aya atawa henteuna pangaruh minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda ( $Y$ ). Uji régrési dina ieu panalungtikan ngagunakeun *SPSS 20 for windows*. Léngkah-léngkahna nyaéta:

- a) buka program *SPSS*;
- b) asupkeun data variabel dina tampilan *Data View*, contona data variabel minat ( $X_1$ ), data variabel sikep ( $X_2$ ), jeung data variabel prosés diajar ( $Y$ );

- c) klik *Variabel View*. Dina *Variabel View* kolom *name* eusian ngaran variabel nu jadi data. Contona: minat\_diajar, sikep\_diajar, jeung diajar\_BS;
- d) klik *Data View*. Klik *Analyze*, klik *Regression*, klik *Linear*;
- e) pindahkeun data variabel minat diajar ( $X_1$ ) jeung data variabel sikep ( $X_2$ ) ka kotak *Independent List* sarta pindahkeun data variabel diajar basa Sunda (Y) ka kotak *Dependent List* ku cara klik tanda panah; tuluy
- f) klik *Ok*.

Sanggeus data kapanggih, tuluy dianalisis dumasar kana rumusan hipotesis anu geus diuji dina ieu panalungtikan. Rumusan hipotesisna ieu di handap.

- a)  $H_1 =$  Aya pangaruh minat ( $X_1$ ) kana diajar basa Sunda (Y)
- b)  $H_2 =$  Aya pangaruh sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y)
- c)  $H_3 =$  Aya pangaruh antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y)

Aya sababaraha kritéria pikeun uji  $H_1$  jeung  $H_2$ . Kritéria ieu di handap.

- a) Lamun nilai sig  $< 0,05$ , atawa  $t_{itung} > t_{tabel}$ , hartina aya pangaruh minat ( $X_1$ ) atawa sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y)
- b) Lamun nilai sig  $> 0,05$ , atawa  $t_{itung} < t_{tabel}$ , hartina teu aya pangaruh minat ( $X_1$ ) atawa sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y)

Anapon, cara nangtukeun nilai  $t_{tabel}$  bisa ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$t_{tabel} = t(\alpha / 2; n-k-1) = t(0,025 ; 76)^* = 1,995$$

Keterangan:

$\alpha$  = Tingkat kapercayaan (0,05)

n = Jumlah sampel

k = Jumlah variabel bébas (X)

\* = Angka t (0,025 ; 76) langsung dipaluruh kana distribusi nilai  $t_{tabel}$

Kritéria pikeun uji H3 di antarana ieu di handap.

- a) Lamun nilai sig < 0,05, atawa  $F_{itung} > F_{tabel}$ , hartina aya pangaruh antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y)
- b) Lamun nilai sig > 0,05, atawa  $F_{itung} < F_{tabel}$ , hartina teu aya pangaruh antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y)

Anapon, cara nangtukeun nilai  $F_{tabel}$  bisa ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$F_{tabel} = F(k ; n-k) = F(2 ; 77)^* = 3,12$$

Keterangan:

k = jumlah variabel bébas (X)

n = jumlah sampel

\* = Angka F (2 ; 77) langsung dipaluruh kana distribusi nilai  $F_{tabel}$

## (2) Uji Koéfisién Dététerminasi

Uji koéfisién détéminasi tujuanna pikeun mikanyaho gedéna pangaruh antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y). Uji koéfisién détéminasi dina ieu panalungtikan ngagunakeun *SPSS 20 for windows*. Léngkah-léngkahna nyaéta:

- a) buka profram *SPSS*;
- b) asupkeun data variabel dina tampilan *Data View*, contona data variabel minat ( $X_1$ ), data variabel sikep ( $X_2$ ), jeung data variabel prosés diajar (Y);
- c) klik *Variabel View*. Dina *Variabel View* kolom *name* eusian ngaran variabel nu jadi data. Contona: minat\_diajar, sikep\_diajar, jeung diajar\_BS;
- d) klik *Data View*. Klik *Analyze*, klik *Regression*, klik *Linear*;
- e) pindahkeun data variabel minat diajar ( $X_1$ ) jeung data variabel sikep ( $X_2$ ) ka kotak *Independent List* sarta pindahkeun data variabel diajar basa Sunda (Y) ka kotak *Dependent List* ku cara klik tanda panah; tuluy

f) klik *Ok*.

Hasil uji determinasi bisa ditilik tina nilai *R Square* anu aya dina tabél *Model Summary*. Nilai *R Square* satuluyna diperséntasekeun ku cara dikalikeun 100. Conto:  $0,955 \times 100 = 95,5\%$

### (3) Uji Koéfisién jeung Signifikansi Korélasi

Uji koéfisién jeung signifikansi korélasi téh tujuanna pikeun mikanyaho hubungan jeung tingkat signifikansi korélasi antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y). Uji koéfisién jeung signifikansi korélasi dina ieu panalungtikan ngagunakeun *SPSS 20 for windows*. Léngkah-léngkahna nyaéta:

- a) buka program *SPSS*;
- b) asupkeun data variabel dina tampilan *Data View*, contona data variabel minat ( $X_1$ ), data variabel sikep ( $X_2$ ), jeung data variabel prosés diajar (Y);
- c) klik *Variabel View*. Dina *Variabel View* kolom *name* eusian ngaran variabel nu jadi data. Contona: minat\_diajar, sikep\_diajar, jeung diajar\_BS;
- d) klik *Data View*. Klik *Analyze*, klik *Correlate*, klik *Bivariate*;
- g) blok data variabel minat ( $X_1$ ), data variabel sikep ( $X_2$ ), jeung data variabel prosés diajar (Y) tuluy pindahkeun ka kotak *Variable* ku cara klik tanda panah;
- e) dina *Correlation Coefficients*, klik *Pearson*;
- f) dina *Test of Significance*, klik *Two-tailed*;
- g) céntang *Flag Significant Correlations*; tuluy
- h) klik *Ok*.

Dina uji koéfisién jeung signifikansi korélasi, aya kritéria husus pikeun nangtukeun aya korélasi anu signifikan atawa henteu antara minat ( $X_1$ ) jeung sikep ( $X_2$ ) kana diajar basa Sunda (Y). Kritérianana ieu di handap.

- a) Lamun nilai  $\text{sig} < 0,05$ , hartina aya korélasi anu signifikan antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda.

- b) Lamun nilai  $\text{sig} > 0,05$ , hartina teu aya korélasi anu signifikan antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda.

Salian éta, pikeun ngukur kuat atawa henteuna koéfisién korélasi antara variabel bisa ditilik tina nilai *Pearson Correlation*. Nilai *Pearson Correlation* tuluy ditafsirkeun kana tabél interpretasi korélasi ieu di handap.

Tabél 3.7  
Interpretasi Korélasi

Interval Koéfisién	Interpretasi
0,000 – 0,200	Handap pisan
0,200 – 0,400	Handap
0,400 – 0,600	Sedeng
0,600 – 0,800	Luhur
0,800 – 1,00	Luhur pisan

(Arikunto, 2013, kc. 319)

- 4) Nyieun kacindekan tina panalungtikan nu dilaksanakeun.